



AVI POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 - 9

Politik: Sòti ak Evakyasyon nan Pwogram Swen Timoun nan Fanmi yo

Dat Antre an Vigè: 1ye jen 2024

Lyen Politik la: <https://www.mass.gov/lists/licensing-policies-for-family-child-care-providers>

APÈSI

Pou sipòte edikatè yo nan efò pou asire evakyasyon san danje epi yon fason efikas timoun nan pwogram yo, EEC te mete ajou Sòti ak Evakyasyon li yo nan Politik Swen Timoun nan Fanmi an. Atravè politik sa a, EEC ranfòse egzijans regilatwa pou kay Swen Timoun nan Fanmi yo gen de sòti separe, ki apwouve pa EEC pou ale deyò. Politik aktyalize a reponn tou a egzijans pou tout edikatè yo devlope yon plan preparasyon pou ijans ki ajou epi ki responsab pou bezwen tout timoun yo.

APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou tout Pwogram Swen Timoun nan Fanmi ki gen lisans.

MIZAJOU KLE

- Langaj Klarifye:
 - Mo « exits » ranplase mo « egress » (sòti).
 - « De sòti » defini kòm de pòt separe ki mennen nan nivo sòl la.
 - Mo « separe » a klarifye pou vle di de sòti ki nesesè yo nan diferan zòn nan kay la, sa vle di de sòti yo pa dwe de pòt youn apre lòt sou yon wout sòti.
- Asansè yo pa ka itilize pandan evakyasyon ijans yo.
- Sòti yo dwe ouvri apati de anndan espas la nan tout kondisyon ekleraj san yo pa itilize yon zouti oswa kle.
- Te ajoute yon seksyon ki trete Evakyasyon Ijans yo:
 - Dokiman egzèsis evakyasyon obligatwa yo dwe montre edikatè a pratike egzèsis apati de tout sòti ki apwouve pa EEC yo.
 - EEC ka mande edikatè yo demonstre yon evakyasyon nenpòt ki lè.
 - Plan evakyasyon ijans yo dwe konsidere mobilite timoun yo ak edikatè yo, ansam ak nenpòt manm nan kay la ki ka bezwen asistans pou mache.
 - Kantite tibebe oswa timoun ki pa mobil edikatè a ka pran swen yo ka limite pa EEC ki baze sou kapasite edikatè a pou evakye timoun yo san danje epi yon fason efikas nan kay la.



RESOUS

Si w gen kesyon oswa w bezwen sipò anplis, tanpri kontakte moun ou ki ba w lisans EEC a.

OBSOLÈT (PA SÈVI ANKÒ)

Politik sa a ranplase Politik Sòti ak Evakyasyon EEC a ki te deja pibliye 29 janvye 2013.